



Pou Piblikasyon Imedya: 15/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB KI KOUTE 8.4 MILYON DOLA NAN BINGHAMTON**

***Pwojè revitalizasyon an kontinye investisman Eta a nan katye North of Main Vil la avèk 23 kay abòdab ki efikas an enèji***

***Investisman an ap konplete "Southern Tier Soaring" – ki se estrateji global rejon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman yon devlopman lojman abòdab ki koute 8.4 milyon nan katye North of Main nan Binghamton. Yo konnen li kòm Revitalizasyon North of Main, pwojè nan sit dispèse yo pral kreye 23 kay modèn rpi ki efikas an enèji ak abòdab atravè sèt lokal separe nan nò Main Street. Yo pral bay veteran ki gen andikap fizik yo priyorite pou kat nan apatman yo.

"Tout Nouyòkè yo merite opòtinite yon kay abòdab nan yon katye k ap pwospere kapab bay epi investisman kontinyèl nou yo nan Binghamton pral bay yon vil ki pi an sekirite, ki pi an sante ak ki pi solid", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Efò revitalizasyon nan zòn North of Main lan pral ranplase estrikti ki delabre a ak teren vid yo pa kay modèn, ki an sekirite ak konfòtab nan batiman ki efikas an enèji. Lè nou travay ansanm ak patnè lokal nou yo, nou ka kontinye finanse pwojè atravè eta a ki ranfòse ak rekonstwi kominote nou yo depi nan baz."

Revitalizasyon North of Main lan fè pati gwo plan Gouvènè Hochul la pou fè lojman pi abòdab, ekita ak pi estab. Ane sa a, Eta a pare pou l atenn objektif Plan Lojman aktyèl li a pou kreye ak prezève 100,000 kay abòdab ak 6,000 kay ak sèvis sipò. Gouvènè Hochul ap bati sou efò ki pote siksè sa a ak yon pwopozisyon pou yon nouvo Plan Lojman, sou senkan k ap koute 25 milya dola pou kreye ak prezève 100,000 kay anplis nan zòn iben ak riral yo toupatou nan New York ki gen ladan 10,000 kay ak sèvis sipò.

Sis batiman ki egziste deja ki te konstwi nan fen 19èm ak kòmansman 20èm syèk yo pral sibi gwo renovasyon epi yo pral konstwi yon nouvo batiman ki gen kat apatman sou yon teren vid nan 95 Walnut Street. Sèt sit yo nan yon zòn kat blòk youn ak lòt.

Tout 23 apatman yo ap nan pri abòdab pou fwaye k ap touche 60 pousan oswa mwens pase Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan. Kat apatman yo pral fèt pou akomode moun ki gen andikap fizik ki pral gen aksè aK sèvis yo ofri nan Southern Tier

Independence Center (Sant Endepandans Southern Tier). Priyorite pou kay sa yo pral bay ak moun ki te sèvi nan fòs lame Etazini yo.

Chak batiman pral satisfè estanda konsepsyon vèt epi yo pral gen ladan karakteristik ki efikas an enèji tankou aparèy Energy Star, ekleraj Energy Star ak materyèl konstriksyon ki gen fèb Konpoze Òganik Volatil (Volatile Organic Compound, VOC). Yo pral klimatize sis batiman ki egziste deja yo pou amelyore efikasite chofaj ak refwadisman.

Pwojè Revitalization North of Main la se dezyèm redevlopman eta finansè nan katye North of Main nan Binghamton. An 2020, konstriksyon te fini sou pwojè Revitalizasyon Crandall-North Street ki te kreye 37 kay abòdab ak espas komèsyal nan sit ki dispèse nan Crandell Street ak North Street. Devlopè pou tou de pwojè yo se First Ward Action Council.

Finansman Eta pou North of Main gen ladan Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ki pral jenere 5.4 milyon dola nan fon pwòp ak 2.4 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Anplis de sa, Pwogram Asistans pou Klimatizasyon (Weatherization Assistance Program) New York te bay 76,000 pou pwojè a. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pral bay 23,000 dola pou sipò. Vil Binghamton pral bay 355,000 dola.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare,** "Katye North of Main Binghamton lan ap sibi yon transfòmasyon ki pral amelyore kalite lavi pou alafwa rezidan k ap tann depi lontan yo ak pwochè jenerasyon an. An patenarya ak First Ward Action Council, n ap renove batiman ki an move eta atravè katye a, kreye 23 nouvo kay ki gen bon jan kalite sou teren vid ki pral agrandi aksè ak opòtinite lojman abòdab pou plis Nouyòkè, enkli pou moun ki te sèvi nasyon nou an."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "NYSERDA kontan pou sipòte pwojè Revitalizasyon North of Main lan, ki montre karakteristik ak materyèl ki efikas an enèji ki pral asire konfò rezidan ak veteran Binghamton ki gen revni fèb yo ki pral rele katye sa a lakay yo. Pandan pwojè sa a ak anpil lòt pwojè atravè eta a ap kòmanse, n ap wè angajman klè Gouvènè Hochul pran pou fè lojman abòdab vin aksesib epi an sante pou tout Nouyòkè yo."

**Direktè Egzekitif First Ward Action Council la, Jerry M. Willard, te deklare,** "Nou kontan anpil pou n ap selebre konstriksyon jodi a pou elimine debri epi rekonstwi blòk lojman pa blòk nan katye North of Main lan ak sipò enpòtan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote NYS, Vil Binghamton, manm ekip devlopman an yo ak zanmi ak vwazen yo."

**Senatè Eta a, Fred Akshar, te deklare,** "Lojman sekiritè, estab ak nan pri abòdab se yon etap esansyèl nan ede moun ki nan bezwen nan kominote nou an retounen sou chemen siksè a. Veteran nou yo te sakrifye yo anpil, e pi piti sa nou ka fè kòm yon

kominote rekonesan se ede satisfè bezwen ki pi fondamantal yo lè yo retounen lakay yo."

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Mwen ta renmen remèsye Biwo Renouvèlman Kay & Kominotè NYS, First Ward Action Council, ak Vil Binghamton pou efò kontinyèl yo fè pou revitalize katye North of Main. Kòm yon defansè nan nivo eta a pou lojman abòdab, mwen kontan wè nivo investisman eta ak lokal sa a nan bezwen lojman Vil Binghamton yo. Yo apresye yon fason espesyal konsantrasyon yo mete sou veteran andikape pou plizyè inite yo."

**Kad Egzekitif Konte, Jason Garnar, te deklare,** "Mwen kontan wè pwojè sa a ki kreye 23 nouvo inite lojman abòdab kòmanse epi mwen apresye yo pral deziyen espesyalman kat inite pou veteran andikape yo. Devlopman sa a konplete travay n ap fè nan nivo Konte a pou ogmante disponiblite lojman abòdab. Mèsi ak HCR NYS, First Ward Action Council, ak patnè mwen yo nan gouvènman Eta ak lokal yo pou sipò yo nan pwojè sa a."

**Majistra Jared M. Kraham te deklare,** "Pwojè sa a ankouraje revitalizasyon katye North of Main Binghamton lan epi li ajoute nan kantite nouvo inite lojman abòdab k ap grandi nan Vil la. Gen kèk katye nan Southern Tier ki te wè plis investisman oswa transfòmasyon nan dènye ane yo tankou NoMa, ki te vin tounen yon modèl nan tout eta a pou revitalizasyon katye. Vil la fyè pou l kreye patenarya ak First Ward Action Council ak Eta New York pou li kontinye investi nan katye nou yo, pou diminye devri epi kreye lojman abòdab epi ki gen bon jan kalite ki nesèsè pou fanmi yo nan Binghamton."

### **Akselere Southern Tier Soaring**

Anons jodi a vin konpleman pwojè "Southern Tier Soaring", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon. Kounye a, rejyon an ap akselere Southern Tier Soaring lan gras ak yon envestisman 500 milyon dola Eta atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) a. Investisman 500 milyon dola Eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)